

Pou fanm yo kab genyen yon pi bèl plas nan lasyans sou tè Ayiti

Samuel Pierre

Tout moun konnen sosyete Ayiti a kòm yonn nan sosyete, kote ki genyen pi plis inegalite sou latè. Rezilta medyòk sa a parèt toutpatou nan aktivite ekonomik, sosyal epi politik. Se menm rezilta mizerab la ki parèt nan espas desizyonèl yo, epi pi plis toujou lè fanm yo bezwen rapousuiv yon karyè nan domèn syantifik yo. Menm si pwoblèm sa a parèt nan tout sosyete ki pi rich pase Ayiti, tankou Etazini ak Kanada, kote kantite fanm ki nan domèn matematik, lasyans epi jeni pi piti pase nan lòt branch pwofesyonèl yo; nan ka Ayiti a, sa pi grav toujou, paske li difisil pou yon moun viv apati pwofesyon, ki se metye, fanm yo sèlman pratike. Nou dwe fè tout sa nou kapab pou nou bay fanm yo ouvèti sou lavni, yon fason pou nou pa fèmen yo nan yon geto pwofesyonèl, kote yo pa genyen okenn chans pou yo monte nan tout nivo nechèl sosyal yo ki pa prèsk ekziste epi – pi plis toujou– kote lespwa pou yon moun kraze baryè povrete a pandan lavi yo piti anpil. Kidonk, nou dwe prepare yon pi bèl avni pou fanm yo, si nou vle diminye inegalite sosyal yo, kote se yomenm, ki se vrè viktim yo.

PWOJÈ SAGA A

Avèk èd gouvènman Laswèd la, apati Ajans Laswèd pou kowoperasyon entènasyonal (ASDI)¹, nan lane 2017, INESKO te louvri yon pwojè ki rele «STEM And Gender Advancement» (SAGA an anglè). Objektif jeneral pwojè a se te ede diminye distans ki genyen ant gason ak fi nan domèn syans, teknoloji, enjeniri ak matematik (STIM an franse) nan tout peyi epi nan tout nivo ledikasyon ak larechèch. Se yon pwojè ki gen yon reyònman mondyal, kote gen yon douzèn peyi tankou: Irigwe, Ajantin, Taylann, Jamayik, Ganbi, Libi, Ayiti, Liberya epi Chili.

Pou li abouti nan objektif li, pwojè a ekzije pou moun ki ap jere li yo kolekte epi analize sistematikman divès done ki distribye an fonksyon relasyon fi epi gason pou yo ba yo èd pandan yo ap prepare epi mete an aplikasyon politik ki kapab genyen yon efè sou egalite ant fi ak gason nan STIM. Anplis, SAGA a la tou pou li mete limyè sou divès rezon ki lakòz genyen kèk politik ki aji sou ekilib ant fi ak gason nan domèn lasyans, teknoloji, epi inovasyon

(STI an franse) lè yo fin verifye yo. Mete sou sa, SAGA a ap pèmèt yo amelyore epi devlope endikatè tou nèf pou ede nan diferan pwosesis, kote yo ap pran desizyon politik pou yo ranfòse divès kapasite pou kolekte done sou egalite ant fi ak gason nan STIM ki nan peyi ki manm INESKO yo epi, finalman, prepare tout kalite dokiman metodolojik pou sèvi referans lè yo ap kolekte enfòmasyon pou estatistik nan domèn STIM yo.

NOU DWE ENVESTI BONÈ NAN FI YO

Fanm yo se poto mitan sosyete Ayiti a. Se karyann nan fondasyon fanmi an epi yo genyen yon enpòtan total kapital ekonomi peyi a. Poutan, yo ap viv nan povrete, kit yo lavil, kit yo andeyò, travay yo jwenn yo, se travay ki pa peye gwo lajan nan sektè enfòmèl la. Poudayè, mankman ki genyen nan edikasyon yo, nan konsyantizasyon yo, diskriminasyon depi digdantan, prejije yo viktim, fondman sosyal fonksyon ki taye sou mezi pou gason oubyen pou fi, mank konfyans fanm yo nan kapasite yo genyen, tout sa se kwòk, epi dekourajman, ki anpeche yo patisipe nètale epi totalman nan rezolisyon pwoblèm enpòtan yo. Poutan, jounen jodi a, pwoblèm ki konekte espesyalman ak gouvènans epi domèn syantifik se yon bann motè endispansab pou devlopman tout sosyete. Konsa, yon pwojeksyon sou lavni apati lasyans se yon zouti entè-resan pou fanm et sa ka mete nou nan yon bon pozisyon estratejik sou sèn lokal, nasyonal epi entènasyonal.

Pou nou rive genyen batay sa a, se bonè pou nou kòmanse preche bon nouvèl la nan sant pou timoun piti yo, nan lekòl fondamantal nou yo, nan lekòl segondè yo, nan mete jenn fi nou yo an kontak, pi bonè nou kapab, avèk syantifik fanm ki kab sèvi yo modèl. Sa dwe fèt espesyalman nan yon peyi kou Ayiti, kote ris pou inegalite sosyal yo pase san pwoblèm nan mitan jenerasyon ki nan wout ap vini yo. Nou dwe, byen bonè nan lavi yon tifi, ba yo modèl ki ale pi lwen pase anviwònman sosyal kote yo ap viv la. Si pou sa rive fèt, fòk nou kreye, miltipliye tout posiblite ki genyen pou mete tifi yo an kontak avèk fanm ki nan domèn lasyans. Se yonn nan fason pou nou estimile yo, enfluyans yo pozitivman pandan devlopman yo. Defi a se pèmèt pi plis fanm posib dekouvri yo genyen yon chay potansyèl. Tout sa ap nan avantaj sosyete a alawonn ansanm ak limanite. ■

1. <http://www.frqnt.gouv.qc.ca/documents/10179/2637840/Liste-objectifs-ega-lite-LOG-STI.pdf/cb51ae3b-d2b6-44f5-ab0a-ae6afcd5efc8>